

Lafwa —chwa a se pa nou

Pa Evèk Richard C. Edgley

Premye Konseye nan Episkopa Prezidan an

Chwazi lafwa nan plas dout, chwazi lafwa nan plas laperèz, chwazi lafwa nan plas sa nou pa konnen ak sa nou pa wè, epi chwazi lafwa nan plas pesimis.

N ap viv nan youn nan pi gwo dispansasyon tan yo---yon tan pwofèt lontan yo t ap tann, yo te pwofetize sou li, e, mwen kwè, yo te trè anvi wè li. Sepandan, avèk tout benediksyon selès yo ki aladispozisyon nou yo, Satan, si reyèl, pa p dòmi ditou e mesaj tèt anba ap bonbade nou tout san rete. Anj Mowoni te avèti jèn Pwofèt Joseph Smith ke non li ta pral site pou byen ak mal nan tout mond lan (gade Joseph Smith---Istwa 1:33) e pa janm gen akonplisman pwofesi ki pi evidan pase sa a. Pwofèt la te bay lavi li pou temwayaj li, e atak yo kontinye jis jodia kont legliz la ak menm kont Sovè a limenm. Yo mete reyalite Sovè a, sakrifis ekspyatwa li a, ak aplikasyon inivèsèl li pou nou tout la an kesyon e souvan yo menm rejte li tankou yon fab oswa esperans san fondman yon espri fèb ak mal edike. Pi plis toujou, yo kontinye ap mete reyalite Retablisman levanjil la nan dènye jou sa yo an kesyon. Bonbadman san rete kalite mesaj sa yo ka lakoz konfizyon, dout ak pesimis, ki chak ap atake verite fondamantal nou kwè yo, lafwa nou nan Bondye ak esperans nou nan lavni.

Sa se kapab reyalite mond nou an, men nou ka toujou chwazi kijan n ap reyaji devan li. Lè yo defye doktrin ak kwayans sakre nou yo, se opòtinite pou nou vin pi byen konnen Bondye nan yon fason pi entim ak pi prive. Se opòtinite nou genyen pou nou chwazi.

Akoz konfli ak pwoblèm yo n ap fè fas nan mond lan jodia, mwen ta renmen sigjere yon senp chwa---yon chwa lapè ak pwoteksyon, epi yon chwa ki apwopriye pou nou tout. Chwa sa a se lafwa. Se pou nou konsyan ke lafwa se pa yon don gratis nou resevwa san panse, dezi, oswa efò. Li pa vini tankou lawouze k soti nan syèl la. Sovè a te di: “Vin jwenn mwen,” (Matye 11:28) ak “mande epi wa jwenn.” (Matye 7:7). Vèb sa yo se vèb aksyon---*vini, mande*. Yo se chwa. Konsa m ap di, chwazi lafwa. Chwazi lafwa sou dout; chwazi lafwa sou laperèz; chwazi lafwa sou sa ki enkoni ak sa nou pa wè; epi chwazi lafwa sou pesimis.

Diskisyon klasik Alma sou lafwa jan l rapòte nan Alma chapit 32 nan Liv Mòmòn an se yon seri chwa pou asire devlopman ak prezèvasyon lafwa nou. Alma te ba nou yon enstriksyon pou chwazi. Pawòl li yo sete pawòl aksyon ki te kòmanse ak chwazi. Li itilize mo *reveye, aktive, teste, egzèse, vle, travay*, ak *plante*. Apresa Alma te eksplike ke si nou fè chwa sa yo epi nou pa chase semans lan avèk enkredilite nou, l ap kòmanse grandi nan kè [nou]” (Alma 32:28).

Wi, lafwa se yon chwa, e nou dwe chèche l ak devlope li. Konsa, nou responsab pou pwòp lafwa nou. Nou responsab si nou manke lafwa tou. Chwa a se pa nou.

Gen anpil bagay ke m pa konnen. M pa konn detay sou jan matyè òganize pou kreye bèl mond sa a n ap viv ladan an. M pa konprann konpleksite Ekspyasyon an, kijan sakrifis Sovè a ka netwaye tout moun ki repanti, oswa kijan Sovè a te ka souffri “doulè tout moun” (D&A). M pa konnen ki kote vil Zarayemla a te ye, jan yo di l nan Liv Mòmòn an. M pa konn poukisa pafwa kwayans mwen an konfli avèk konesans syantifik oswa pwofàn sipoze yo. Petèt bagay sa yo se bagay Pè Selès la te dekri kòm: “mistè syèl yo” (D&A 107:19) ki pral revele nan yon dat apre.

Men pandan ke m pa konnen tout bagay la, mwen konnen sa ki enpòtan yo. Mwen konnen verite senp ak klè levanjil yo ki mennen nan sali ak egzaltasyon an. Mwen konnen ke Sovè a te souffri doulè tout limanite epi tout moun ki repanti ka pwòpte soti anba peche. E sa m pa konnen oswa m pa totalman konprann yo, avèk èd puisan lafwa mwen, mwen konble vid la epi m avanse, pandan m ap jwi pwomès ak benediksyon levanjil yo. Epi apresya, jan Alma anseye a, lafwa nou mennen nou nan yon konesans pafè (gade Alma 32:34). Lè nou avanse antre nan lenkoni, ame sèlman avèk esperans ak dezi, nou montre prèv lafwa nou ak devosyon nou pou Senyè a.

Epi konsa, pou n suiv fòmil Alma a, an nou chwazi. An nou chwazi lafwa.

- Si konfizyon ak dezespwa anvayi lespru nou, *chwazi* pou n reveye epi aktive kapasite nou yo (Alma 32:27). Apwoche bò Senyè a enbleman avèk yon kè brize ak yon lespru kontri se chemen ki mennen nan verite epi se chemen limyè, konesans, ak lapè Senyè a.
- Si temwayaj nou wòwòt, san teste ak manke asirans, *chwazi* pou n “egzèse [menm] yon ti kal lafwa;” *chwazi* pou “teste pawòl [li] yo.” (Alma 32:27). Sovè a te eksplike, “Si yon moun deside fè sa Bondye vle, la konnen doktrin nan, la konnen si bagay m ap pale yo soti nan Bondye, osinon si se pawòl pa m m ap pale” (Jan 7:17).
- Lè lojik, larezon oswa entelijans pèsònèl vin an konfli avèk ansèyman ak doktrin sakre yo, oswa mesaj tèt anba atake kwayans nou tankou flèch tou limen Apot Pòl te dekri yo (gade Efezyen 6:16), *chwazi* pou nou pa chase semans lan soti nan kè w pa enkredilite nou. Sonje, nou pa p resevwa yon temwayaj jistan lafwa nou pa fin teste (gade Etè 12:6).
- Si lafwa nou teste epi l solid, *chwazi* pou n nourri l “avèk anpil swen” (Alma 32:27). Osi solid ke lafwa nou ka ye, avèk tout mesaj melanje k ap atake l yo, li ka vin trè fragil. Li bezwen nouriti san rete atravè etid ekriti regilye, priyè ak aplikasyon pawòl li yo.

Lè disip yo te mande Jezi poukisa yo pa t ka chase yon demon jan yo te fèk wè Sovè a fè a, Jezi te reponn, “Si nou gen lafwa tankou yon ti grenn moutad, n ap ka di mòn sa a deplase al yon lòt kote, e sa ap fèt” (Matye 17:20). Mwen pa janm temwen yon mòn ki deplase. Men, akòz lafwa mwen wè mòn dout ak dezespwa deplase e ranplase ak espwa ak optimis. Akòz lafwa m te pèsònèlman temwen yon mòn peche k te ranplase pa repantans ak padon. E akòz lafwa, m te pèsònèlman temwen yon mòn doulè ranplase avèk lapè, espwa ak rekonesans. Wi, mwen konn wè mòn deplase.

- Akòz lafwa mwen m aktive pouvwa prètiz la ke m detni an epi m vin goute dousè levanjil la epi m anbrase òdonans sali yo.
- Akòz lafwa mwen m travèse lit ak difikilite yo nan lavi a avèk lapè ak asirans.
- Akòz lafwa mwen m te gen posiblite pou m chanje kesyon ak menm dout vin tounen asirans ak konpreyansyon.
- Akòz lafwa mwen mwen apwoche sa k enkonni, sa k envizib, ak sa m pa ka eksplike avèk asirans absoli.
- E akòz lafwa mwen, menm nan moman aparaman pi move yo, mwen rekonèt, avèk lapè ak rekonesans ke, an reyalyte, sa se pi bon moman yo.

E lè nou chwazi lafwa epi apres a nou noura lafwa sa a rive nan yon konesans pafè sou bagay Senyè a yo, lèsa a nou itilize mo tankou “Mwen temwaye” oswa “Mwen konnen.” Mwen te pèsoneyman plante semans la nan pwòp kè pa mwen epi pandan tout lavi mwen m te eseye noura semans sa a fè l vin yon konesans pafè. E jodia, pandan m kanpe sou chè sa a, mwen temwaye ke Jezi se Kris la, Redanmtè mond lan. Mwen temwaye tou ke Joseph Smith sete yon pwofèt Bondye ak enstriman vivan Senyè a te itilize pou l te retabli levanjil vrè ak konplè Jezikri a sou tè a. Mwen temwaye ke Prezidan Thomas S. Monson se pwofèt Senyè a jodia. Menmjan tou, chwa lafwa a se chwa pa ou ak pa mwen. Annou chwazi lafwa. Nan non sakre Jezikri, amèn.